



Politik Konfidansyalite pou Mesaj tèks SMS/MMS ki Sòti nan NY State of Health

Dat li Antre An Vigè: 8 avril 2022

Lè ou bay konsantman ou (“chwazi”) pou NY State of Health voye Sèvis Mesaj Tèks ki kout (“SMS” oswa tèks) oswa Sèvis Mesaj Miltimedya (“MMS”) kòm notifikasyon dirèkteman sou telefòn selilè ou (“Sèvis” la), kit se lè ou enskri sou sit entènèt nou an oswa gras ak mesaj tèks, ou ban nou enfòmasyon, nou resevwa yo epi nou estoke jan sa dekri pi ba a.

Enfòmasyon Nou Kolekte

Enfòmasyon nou kolekte sou ou nan kad Sèvis la ka gen ladan li nimewo telefòn selilè ou, non konpayi telefòn ki ba ou sèvis la, epi dat, lè ak sa ki nan mesaj tèks ou yo, tankou tout enfòmasyon ou chwazi voye nan mesaj tèks. Nou kapab sèvi ak enfòmasyon sa yo selon Politik Konfidansyalite nou genyen pou nou kontakte ou epi ba ou sèvis ou mande nou yo. Ou pa dwe voye okenn enfòmasyon pèsònèl nan mesaj tèks.

Fason nou Itilize Enfòmasyon Nou Kolekte yo

Nou itilize enfòmasyon nou kolekte gras a Sèvis la pou nou fè Sèvis mesaj tèks la fonksyone, tankou lè nou suiv chwa ou fè pou patisipe oswa pa patisipe, oswa pou voye mesaj alavni, selon Politik Konfidansyalite sa a ak lwa ki aplikab la.

Enfòmasyon Nou Pataje

Nou pa bay lòt moun enfòmasyon pèsònèl ki idantifye ou san konsantman ou, eksepte nan sa ki di nan Politik Konfidansyalite sa a.

Nou kapab bay nenpòt enfòmasyon nou jije ki nesèsè selon nou menm, san wete enfòmasyon pèsònèl ki idantifye ou yo, pou nou respekte nenpòt lwa, règ, pwosedi legal oswa demann gouvènman an fè ki aplikab, tankou reponn ak demann oswa manda yo voye ban nou pou parèt nan tribinal, oswa nan kad detansyon, prevansyon, oswa ankèt yo ap fè pou fwod.

Nou kapab fè founisè ki ap bay sèvis nan non nou yo, sou baz enstriksyon nou, jwenn kèk nan enfòmasyon pèsònèl ki idantifye ou yo, tankou founisè ki ap jere sant apèl nou an. Nou pa bay founisè sa yo otorizasyon pou itilize oswa pibliye enfòmasyon sa yo, eksepte nan sa ki di nan Politik Konfidansyalite sa a.

Chanjman nan Politik Konfidansyalite sa a

Nou kapab revize Politik Konfidansyalite sa a detanzantan epi san nou pa mete ou okouran anvan sa. Yo ap afiche dat Politik Konfidansyalite ki la kounye a ap antre an vigè anwo tèt politik la. Piske nou kapab fè chanjman yo nenpòt lè, nou ankouraje ou konsilte Politik Konfidansyalite sa a detanzantan. Tanpri, remake dwa nou genyen pou itilize enfòmasyon pèsònèl ki idantifye ou yo ap baze sou Politik Konfidansyalite ki an vigè nan moman nou ap itilize enfòmasyon yo. Si ou pa dakò ak youn nan kondisyon yo met ajou nan Politik sa a, ou dwe suiv pwosesis yo dekri nan Kondisyon Sèvis la pou ou ka sispann itilize Sèvis la. Piske ou kontinye itilize Sèvis la apre yo fin mete ou okouran konsènan chanjman yo fè nan Politik Konfidansyalite sa a, ou dakò pou yo lye ou ak Politik Konfidansyalite ki revize a.